

# Mande'm de Chimi!

Jodi a, yon enstriktè de Mize Discovery nan Acton te vizite nan klas mwen e li te fè yon pwogram manyèl sou chimi.

Mande'm sou reyaksyon chimik ki netwaye yon peni. Nou teste PH yon pwodwi komen ki nan kwizin pwodwi tankou ji sitron ak soda kabonize ki klè. Mande'm kijan mwen te kapab detèmine yon asid de yon baz baze sou yon penti ak yon aplikatè sou yon filtè kafe.

Nou kapab teste senten pwodwi ansanm ak resèt endikatè ji chou pa anba. Jis ret tann pou kapab wè koulè ki chanje yo.

## Papye Chou Endikatè

Ji chou se yon bon endikatè pou ni asid ak baz. Mande yon granmoun pou ede'w ak pwòje sa. Travay ak kouto file ak pwodwi chimik kapab danjere. Pa janm mikse de pwodwi chimik ansan san ke ou pa mande yon granmoun si li ok.

### Kisa ke ou bezwen:

- chou wouj
- kouto file ak yon tablo pou koupe
- kiyè pou mezire
- blendè
- paswa
- bòl pou mikse
- plizyè kèp plastik
- ji sitron, vinèg, soda klè, baking soda, savon, dlo ak bil, e/oubyen Tums™ ki kraze nan dlo.

### Kisa pou fè:

1. Koupe 1/2 de ti chou wouj e mete li nan blendè an.
2. Ajoute 3-4 kèp dlo.
3. Blende pou 10 segond nan "high".
4. Pase li nan paswa e kolekte ji an nan yon bòl.
5. Divize ji chou an egalman ant kèp plastik klè yo.
6. Kenbe yon kèp ji chou an antan ke yon "kontwòl" (pou konpasyon).
7. Vide 2 kiyè tab de yon echantiyo likid nan youn nan kèp ji chou an. Kisa ke ou konstate?
8. Fè menm bagay lan ak echantiyon likid ak kèp yo. Kisa ke ou konstate? Eske koulè a te chanje?

Asid vire ji chou an de mov a wouj & ròz. Ble, vèt ak jòn endike yon baz. Eske ou kapab vire okenn nan asid yo oubyen baz yo pou yo vinn net? (Sijasyon: Kep ji ke ou sèvi an kòm kontwòl lan li net. Eske ou kapab mikse yon asid ak baz pou kapab netralize'l?)

